



PEMERINTAH KABUPATEN PANDEGLANG
DINAS PENDIDIKAN KEPEMUDAAN DAN OLAH RAGA
SMP NEGERI 3 PANDEGLANG
KECAMATAN PANDEGLANG
Jl. Kabayan Citiis No. 2, Telp. ☎ : (0253) 201149 - Pandeglang 42212
Email: admsmp3pdg@gmail.com

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas : VIII

Pilihan Ganda

1. Puisi anu sok dilagukeun, boh dikawihkeun, boh ditembangkeun disebut....
 - a. Rumpaka kawih
 - b. Sajak
 - c. Sisindiran
 - d. Lagu
2. Rumpaka lagu "Laut Kidul" eusina ngeunaan.....
 - a. Lemah cai
 - b. Kaéndahan alam
 - c. Indung Bapa
 - d. Bébéné
3. "Toké ngadahar kacang" mangrupa akronim ti lagu....
 - a. Mojang priangan
 - b. Tokécang
 - c. Pileuleuyan
 - d. Laut Kidul
4. Anu dimaksud 'sang surya permata alam' dina lagu "Laut Kidul" nyaéta.....
 - a. Urang Banten
 - b. Tanah Banten
 - c. Panonpoé
 - d. Urang Sunda
5. Rumpaka kawih sunda buhun umumna mangrupa.....
 - a. Sajak
 - b. Kawih
 - c. Sisindiran
 - d. Tembang

Perhatikeun kutipan rumpaka di héndép ieu jeung ngajawab soal nomor 6-7!

Umat-imut lucu
Sura-seuri nyari
Larak-lirik keupat
Mojang Priangan

6. Dina eta rumpaka aya kecap umat-imut, sura-seuri, jeung larak-lirik. Nilik kana wangun kecapna, eta kecap-kecap kaasup kana....
 - a. Kecap imbuhan
 - b. Warta
 - c. Kecap rajékan
 - d. Kecap rajékan dwimadya
7. Rumpaka di luhur nyaéta kutipan ti lagu....
 - a. Pileuleuyan
 - b. Mojang Priangan
 - c. Laut Kidul
 - d. Manuk Dadali
8. Manuk Dadali diartikeun salaku....
 - a. Manuk Garuda
 - b. Manuk Merpati
 - c. Manuk Cendrawasih
 - d. Manuk Piit
9. Perhatikeun kutipan rumpaka di hendep ieu!
Duh waasna Laut Kidul
Ngembat paul jiga-jigana gambar
Mega bodas ngangkleung di awang-awang
Kahibaran sang surya permata alam
Makna kutipan rumpaka di luhur nyaéta....
 - a. Kaendahan alam
 - b. Mitos nu asalna ti Jawa
 - c. Carita tentang masa-masa sakola
 - d. Awewe anu kudu ngajaga kageulisanana

Perhatikeun judul-judul lagu ieu jeung ngajawab soal nomor 10 - 13!

- 1) Dina Jandela
 - 2) Manuk Dadali
 - 3) Kembang Impian
 - 4) Es Lilin
 - 5) Laut Kidul
 - 6) Tokécang
 - 7) Pileuleuyan
10. Judul lagu anu mangrupa sajak bebas nyaéta nomor....
 - a. 1 jeung 2
 - b. 2 jeung 3
 - c. 3 jeung 4
 - d. 4 jeung 5

- b. 2 jeung 3
d. 1 jeung 3
11. Judul lagu anu ngeunaan kaéndahan alam nyaéta nomor....
a. 1
b. 4
c. 5
d. 7
12. Judul lagu anu boga makna ngeunaan "perpisahan" nyaéta nomor....
a. 3
b. 6
c. 7
d. 2
13. Lagu anu eusina ngeunaan sato nyaéta nomor
a. 2 jeung 3
b. 5 jeung 6
c. 2 jeung 6
d. 4 jeung 5
14. Kecap rajékan trilingga nyaéta.....
a. Kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna sagemblengna
b. Kecap anu diwangun ku cara nyebut tilu kali wangun dasarna
c. Kecap semu
d. Kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun dasarna
15. *Si budi hayoh we bulak-balik sakola, sanajan keur Covid gé*
Kalimah di luhur ngandung kecap rajekan
a. Dwimadya
b. Trilingga
c. Dwimurni
d. Dwiréka
16. "trang tréng trong" kaasup kana kecap rajekan
a. Dwipurwa
b. Dwireka
c. Trilingga
d. Titiron
17. Anu kaasup kana kecap rajékan dwimadya nya eta ...
a. Pupusti
b. Bulak-balik
c. Jalma-jalma
d. Sababaraha
18. Katerangan ngeunaan hiji kajadian atawa hiji hal anu ditpikeun ka jalma loba ngaliwatan média masa nyaéta....
a. Warta
b. Pupuh
c. Tembang
d. Rumpaka kawih
19. Hiji kajadian atawa hal bisa dijadikeun warta, upama
a. Eta kajadian atawa hal téh dianggap penting pikeun dipikanyaho ku balarea
b. Eta kajadian atawa hal téh dianggap bisa nyumponan kapanasaran balarea
c. A sareng B leureus
d. Eta kajadian atawa hal téh tos dimuat dina media masa
20. Eta katerangan atawa béja bisa disebut warta upama....
a. Ditulis ku wartawan
b. Dimuat dina media masa
c. Dikirimkeun ka media masa
d. dibaca ku media masa
21. Anu sok nulis warta disebut....
a. Wartawan
b. Jurnal
c. Reportér
d. Jawaban s, b, jeung c bener
22. Warta diperedih walawasna kudu objektif jeung netral, maksudna....
a. Teu meunang mihak ka pamingpin
b. Teu mihak ka jalma loba
c. Teu meunang mihak ka salasahiji pihak
d. Teu meunang mihak ka nu boga mediana
23. Upama urang hayang nyaho poko-poko warta, baca bae....
a. Bagian puhu wartana
b. Bagian kateranganana
c. Bagian eusi wartana
d. Judulna
24. Dina warta aya unsur-unsur anu disebut....
a. W+H
b. 5W + 1H
c. 1W + 5H
d. 5WH + 5H

Perhatikeun teks warta di hendeup ieu jeung ngajawab soal nomor 25-27!

Sapatu buatan Cibaduyut Bandung boga kasempetan anu kacida gedena pikeun diékspor. Komo deui dina nyanghareupan pasar bebas ASEAN taun 2015 engké. Salah sahiji sababna, lantaran sapatu Cibaduyut ajenna henteu éléh ku sapatu buatan Cina, anu kiwari keur ceuyah di mana-mana. Eta hal ditetelakeun ku Ketua Bidang Usaha Mikro Kecil dan Menengah (UMKM) Asosiasi Persatuan Sepatu Indonesia (Aprisindo), Betty Brusel, di Unit Pelaksana Teknis (UPT) Sepatu Cibaduyut, sawatara waktu kaliwat.

25. Upama mangrupa hasil paniten (observasi atawa panalungtikan) 5W+1H nyaeta
- 1) Naon anu dititenan atawa ditalungtikna teh?
 - 2) Di mana nitenana atawa nalungtikna?
 - 3) Kumaha hasilna?
 - 4) Ku naon sababna make dititenan atawa ditalungtik?
 - 5) Saha anu nitenan atawa nalungtik teh?
 - 6) Iraha paniten atawa panalungtikanana?
- Susunan 5W + 1H anu merenah nyaeta....
- | | |
|----------------|----------------|
| a. 5-1-4-2-6-3 | c. 5-1-6-4-2-3 |
| b. 5-1-4-6-2-3 | d. 5-1-2-4-6-3 |
26. Produk naeun anu boga kasempatan dikspor ka luar negeri...
- | | |
|------------------------------------|-----------------------|
| a. Sapatu | c. Sapatu buatan Cina |
| b. Sapatu buatan Cibaduyut Bandung | d. Sendal |
27. Alasan sapatu Cibaduyut bisa di ékspor nyaeta...
- a. Kualitas sapatu Cibaduyut henteu eleh ku sapatu buatan Cina
 - b. Sapatuna dijieun dina kulit sato
 - c. Harga sapatu Cibaduyut murah meriah
 - d. Dijieun di Bandung
28. Nulis warta kudu merhatikeun kodé etik jurnalistik, di antarana kudu miboga sikap...
- | | |
|------------------------|--------------------------|
| a. Asal nuduh batur | c. Mihak ka nu boga duit |
| b. Henteu nyanyahoanan | d. Cicing ba |
29. Dina kanyataanna mah warta dijieun dina wangun....
- | | |
|------------|-------------|
| a. Lisan | c. Kajadian |
| b. Tinulis | d. Carita |
30. Upama nilik tina adeganana, warta diwangun ku
- | | |
|--------------------------------|---------------------|
| a. Puhu warta jeung eusi warta | c. Kalimah barang |
| b. 5W + 1H | d. Kalimah pagawéan |

Uraian

1. Jieun kalimah anu merenah tina kecap rajékan di héndep ieu!
 - a. Sababaraha
 - b. Aki-aki
 - c. Bulak balik
 - d. Bubuntut
 - e. Dag-dig-dug
2. Naeun anu jadi Garapan pangajaran basa dina éta rumpaka kawih?
3. Tuliskeun sisindiran anu aya dina rumpaka kawih "Es Lilin".

Perhatikeun warta di hendeup ieu jeung ngajawab pertanyaan nomor 4 jeung 5!

Mobil pick up anu dibuat ku karyawan pabrik aci tabrakan jeung beus murni di Kadubanen, kamari sore (12/2). Akibatna lima karyawan pabrik aci tatu parna sarta kudu dibawa ka Rumah Sakit Ajidarmo, Rangkasbitung.

Mobil pick up anu muat karyawan pabrik aci nyiap treuk, teu kanyahoan di hareupeunana datang beus murni. "Jedang bae doang adu kébo, sorana géh meuni harus, masarakat nu neuleu haliwu béh," ceuk Armin anu harita aya di sisi jalan tempat kajadian.

4. Naeun judul anu cocok jeung warta di luhur?
5. Tuliskeun pertanyaan 5W + 1H anu pas keur warta di luhur!